



Pou Piblikasyon Imedya: 21/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SLEEPY HOLLOW AK CORNWALL KÒM GAYAN PREMYE FAZ PWOGGRAM FORWARD NY LA POU REJYON MID-HUDSON LAN

*Vilaj Sleepy Hollow ak Vil Cornwall pral resevwa 4.5 milyon dola yo chak*

**Nouvo Pwogram NY Forward 100 milyon dola a apiye dinamik pou reyisit Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pou sipòte yon rekiperasyon anba labil ki pi ekitab pou kominote riral ki pi piti New York yo**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Vilaj Sleepy Hollow, ak Vil Cornwall ap resevwa yo chak 4.5 milyon dola finansman antanke gayan Rejyon Mid-Hudson yo nan kad premye faz NY Forward la. Pou apiye dinamik pou reyisit Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) eta a, pwogram NY Forward 100 milyon dola a adopte menm estrateji "Planifye apre sa Aji (Plan-then-Act)" DRI a pou sipòte yon rekiperasyon anba lavil ki pi ekitab pou kominote riral ki pi piti nan New York yo. Pandan Premye Faz NY Forward la, y ap akòde de a twa prim bay kominote ki pi piti yo nan chak nan dis rejon devlopman ekonomik eta a pou sipòte devlopman ak mizanplas yon plan revitalizasyon pou anba lavil yo. Nan kad Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2024 la, Gouvènè Hochul te pwopoze 100 milyon dola pou finanse yon lòt faz NY Forward

"N ap ede ti komin ak vil atravè eta nou an konstui yon pi bon avni pou Nouyòkè yo atravè pwogram NY Forward nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Prim sa yo ap ede Vilaj Sleepy Hollow ak Vil Cornwall ak Vilaj Cornwall-on-Hudson devlope anba lavil yo, amelyore kalite lavi rezidan ak vizitè yo, epi kreye nouvo djòb epi atire biznis pou devlope opòtinite ekonomik atravè rejon an."

NY Forward se yon eleman santral nan efò devlopman ekonomik eta a, k ap travay ansanm avèk DRI pou akselere ak elaji revitalizasyon anba lavil New York yo. Pwogram nan sèvi kominote ki pi piti yo ki gen yon karaktè istorik ki distenge yo de pi gwo distri komèsyal santral iben yo ki finanse jeneralman atravè DRI. Kominote NY Forward yo se kominote pyeton, ki se zòn ki mwen dans ki sèvi kominote lokal dirèk la, epi ki gen plis nati lokal - ki konsantre sou anviwònman rezidansyèl dirèk oswa devlopman agrikilti santral la.

Menm jan ak DRI, chak kominote NY Forward pral devlope yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil li a atravè yon seri pwojè ki fasil pou egzekite. Depatman Deta a pral bay plis asistans teknik pou pi byen sipòte kominote ki pi piti yo ki ka gen mwens kapasite nan kad pwogram NY Forward la epi finanse pwojè ki apwopriye pou gwasè chak kominote. Pwojè yo ka genyen ladan yo renovasyon ak reyamenajman bilding, novo konstriksyon oswa kreyasyon novo espas publik oswa amelyore espas publik yo ak lòt pwojè ki ogmante kalite espesifik kiltirèl, istorik ki amelyore santiman cham ti vil yo.

### **Sleepy Hollow**

Yo rekonèt Vilaj Sleepy Hollow pou renome literè li ki santre sou istwa, Lejand Sleepy Hollow la. Anba lavil Sleepy Hollow la konpoze ak koridò komèsyal ki konpak, pou plizyè itilizasyon ak bilding ki konstui pou pifò nan dènye mwatye 19yèm syèk la epi ki gen aksè milti modal ki enpòtan ak yon endistri touris ki solid. Vilaj la pataje yon mache agrikiltè dinamik—Mache Agrikòl Tarrytown ak Sleepy Hollow—ak kominote ki anviwone li yo, ke yo te vote kòm yon finalis pou deziyen kòm Mache Agrikòl Amerik la pi renmen epi ki klase kòm youn nan senk mache agrikòl nan Eta New York. Sleepy Hollow ofri yon melanj chwa manje ansanm ak pi piti restoran atizanal, ke pla yo soti nan jaden pou ale sou tab ki te chwazi ouvri nan vilaj la. Anba lavil Sleepy Hollow andedan de pak publik ki byen itilize - Pak Reverend Skyes ak Pak Barnhart - epi li prezante panorama ekstraòdinè Rivyè Hudson lan.

Sleepy Hollow te eksperimente resaman re-envestisman ki soti nan gwo enstitisyon ak biznis yo, ki enkli sant sante reyjonal yo ak Regeneron Pharmaceuticals, ansanm ak envestisman prive ki enpòtan pou kreye inite rezidansyèl pou apeprè 3,000 novo rezidan. Pou sezi opòtinite envestisman sa yo ofri yo nan fason ki reyisi, Sleepy Hollow ap chèche kreye plis ri ki atraktif epi ki pi sekirize ak eleman kreyasyon espas inik, redevlope lo ki vid epi ki mal itilize yo epi ajoute lojman nan divès pri - k ap pèmèt vilaj la fleri yon lòt fwa ankò.

### **Cornwall ak Cornwall-on-Hudson**

Vil Cornwall antoure epi genyen ladan I Vilaj Cornwall-on-Hudson, epi toulede repoze sou rivaj Rivyè Hudson lan, ki jouke ant kolin Hudson Highlands ak Mòn Storm King. Vil Cornwall ak Vilaj Cornwall-on-Hudson genyen espas anba lavil differan, pyeton ki a mwens pase 3 kilomèt distans epi ki antoure pa yon divèsite espas ak enstitisyon publik, tankou Mache Familyal DeCicco, mache manje fre sèlman an nan Cornwall, ak Riverlight Park, ki loje Mache Agrikòl Cornwall ak Vilaj Summer Music nan seri Pak yo. Andedan ak ozalantou Cornwall gen kominote vital ak atou reydon an ki atire plizyè santèn milye vizitè chak ane, tankou Pake Eta Storm King, Sant Atizay Storm King, Mize Lanati Hudson Highlands, Akademi Militè Etazini nan West Point, Vinyob Brotherhood, Woodbury Common ak plis toujou.

Cornwall te obsève resaman yon afliyans vizitè nan ane ki pase yo akoz atou ki toupre sa yo. Vil ak vilaj la t ap planifye epi envesti nan revitalizasyon ki t ap fè anba lavil sa yo tounen destinasyon inik nan yon zòn ki plen ak atraksyon pandan y ap kontinye amelyore kalite lavi pou rezidan kominote sa. Pou fè pwogram sa avanse, Vil Cornwall

ak Vilaj Cornwall-on Hudson ap chèche konekte de anba livil yo, amelyore kreyasyon plas ak espas publik epi revitalise biling ak sit ki mal ekspluate yo nan tout vwazinaj la.

**Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare**, "NY Forward sible anba livil ki pi piti yo pou ede asire ke okenn kominote, kèlkeswa gwosè oswa pèsonaj li, pa rete deyò nan renesans anba livil New York la. Ak lokalizasyon estratejik yo sou tout Rivyè Hudson atraktif lan ak òf varye espas publik ak atraksyon inik, Sleepy Hollow ak Cornwall resevwa prim pou repriz ekonomik, epi finansman NY Forward sa ap ede kominote sa yo reyalize vizyon yo. Mwen pa ka tann pou m wè kisa lavni ap pote pou Sleepy Hollow, Cornwall ak tout rejon Mid-Hudson lan."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare**, "Pou pran mayèt devlopman ekonomik la nan men DRI, NY Forward konsantre sou apwoch ki vize revitalizasyon anba livil nan kominote riral ki pi piti toupatou nan eta a. Prim premye faz yo ap ajoute sou lejann Vilaj Sleepy Hollow ak Vil Cornwall pou relve sant atistik, istorik ak bote natirèl sa yo pi plis, k ap amelyore lavi epi ranfòse ekonomi touris la."

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare**, "Nou kontan anpil pou wè chanjman ke envestisman sa yo nan premye faz pwogram NY Forward 100 milyon dola Gouvènè a ap ede fè pwogrese. Vilaj Sleepy Hollow, ki byen koni deja pou wòl li antanke kolòn vêtebral pou fiksyon Washington Irving lan ak Mache Agrikòl fantastik li a, ka kreye yon anba livil ki pi ini epi ki fèk alimante ki ankouraje pi bon trafik pyeton ak redvelopman pwopriyete ki vid oswa mal itilize yo an nouvo lojman ak biznis. Cornwall ak Cornwall-on-Hudson gen plan pou ranfòse konsepsyón anba livil yo a, amelyore espas publik yo epi renove oswa redvelope pwopriyete ki redui yo. Kounye a, plan sa yo ka tounen reyalite."

**Ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson Ian, Doktè Marsha Gordon, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Konsèy Biznis nan Westchester (The Business Council of Westchester), ak Prezidan SUNY Orange Ian, te deklare**, "Nan non Konsèy la, felisitasyon pou Sleepy Hollow ak Cornwall dèske yo chwazi yo antanke benefisyè NY Forward. Finansman yo bay atravè pwogram sa ap ede kominote sa yo avanse pwojè revitalizasyon yo k ap ankouraje nouvo envestisman ak nouvo kwasans ekonomik rejyonal."

**Senatè Eta a, James Skoufis te deklare**, "Cornwall gen tout reyalizasyon yon gran anba livil Hudson Valley: espas pyeton, aksè fasil nan rivyè a ak anpil lwazi anplennè, yon kominote biznis ki an sante, bon lekòl, ak pwoksimite nan mèvèy kiltirèl yo. Epi antanke yon rezidan Cornwall, mwen konnen nan ki pwen vil ak vilaj la pare pou reyalize potansyèl konplè yo. Finansman NY Forward sa se sa kominote nou an bezwen pou trase yon wout pou vanse pi devan pou yon avni ki reyisi epi dirab."

**Manm Asanble MaryJane Shimsky, te deklare**, "Anba Sleepy Hollow se yon ti vilaj ki nan mitan yon gwo transfòmasyon. Ak apeprè 3,000 inite lojman ki ajoute nan bò dlo a, k ap revitalize koridò anbal livil ansyen Vilaj la, sa se kle pou siksè kominote a. Prim

NY Forward la ap pèmèt moun Sleepy Hollow yo genyen yon distri biznis k ap pwospere ki selebre eritaj istorik Vilaj la. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul ak pwogram NY Forward la dèské yo rekonèt valè envestisman nan Sleepy Hollow."

**Manm Asanble Chris Eachus, te deklare,** "Vil Cornwall ak Vilaj Cornwall-on-Hudson tou kole ak yon militid atraksyon lokal, tankou Sant Atistik Storm King, Woodbury Commons, ak Etablisman Diven Brotherhood. Sa te abouti sou yon zòn ki gen touris k ap monte, ak yon bezwen pou yon anba lavil k ap fleri ki ale avèk li. 4.5 milyon dola yo pwopoze a pa t ka vini nan yon pi bon moman pou reponn ak bezwen moman an. Sa merite pou aplodi ke Gouvènè a rekonèt gwo potansyèl sa, ak aksyon odasye li pou sipòte Hudson Valley a."

**Majistra Sleepy Hollow la, Kenneth Wray te deklare,** "Nou kontan anpil pou resevwa sibvansyon 4.5 dola a nan kad pwogram NY Forward la. Nou remèsyé Gouvènè a dèské li rekonèt reyalizasyon enpòtan Sleepy Hollow yo pou ranfòse devlopman ekonomik li pandan l ap amelyore estòk lojman nan pri abòdab li. Sibvansyon sa pèmèt nou revitalize anba lavil nou an pou vin yon atraksyon rejyonal pou vizitè byen lwen yo kidonk bati yon fondasyon pou anpil ti biznis nou yo ki toupre epi ki chè pou tout rezidan nou yo"

**Sipèvizè Vil Cornwall, Josh Wojehowski te deklare,** "Cornwall t ap travay pou revitalize Ri prensipal ak zòn anba lavil li yo depi yon anpil ane pou pwofite de vizitè k ap fè randone sou sante nan yo, navige sou rivyè nou yo, epi vizite enstisyon ki gen renome mondal yo. Sibvansyon NY Forward la ap pèmèt nou mete efò sa yo nan lòt nivo lè nou relye de zòn anba lavil yo atravè yon pwojè pyeton, itilizasyon lar publik, kreyasyon espas ouvè adisyonèl ak lòt enstalasyon."

**Majistra Cornwall-on-Hudson Ian, James Gagliano te deklare,** "Vilaj Cornwall-on-Hudson, New York la nan tout imilite, epi li te kontan anpil pou fè patenarya ak vwazen ki toupre nou, Vil Cornwall, epi resevwa nouvèl Biwo Gouvènè a ke yo te chwazi kominote nou an pou resevwa yon sibvansyon New York Forward Plan detaye, konstriktif epi reyaliz nou an pou amelyore kapasite pyeton, koneksyon, ak atraksyon distri komèsyal anba lavil agreyab nou an ap benefisyé anpil de sibvansyon sa. Lidèchip Gouvènè Hochul ak angajman li atravè ankourajman ak sipò pou inisyativ revitalizasyon anba lavil atravè eta a ap jenere dividand. Sa a se yon bagay ki fè diferans reyèl pou kominote nou an."

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson Ian (North Country Regional Economic Development Council) te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif sou pwopozisyon ke kominote nan tout rejyon an te soumèt, epi li te konsidere kritè sa yo anvan li rekòmande kominote sa yo antanke benefisyè:

- Anba lavil la konpak, avèk limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou envestisman prive ak publik yo te fè avan yo oswa katalize yo;

- Kwasans travay resan oswa iminan nan anba laval la oswa toupre li ki atire travayè yo, soutni reyamenajman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba laval la se yon kominate ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon;
- Minisipalite a adopte oswa gen kapasite pou kreye epi reyalize politik k ap ogmante abitabilite ak amelyore kalite lavi;
- Minisipalite a te mennen yon pwoesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè pou devlope yon lis preliminè pwojè ak inisyativ pou revitalizasyon anba laval ke yo ka mete nan yon plan envestisman estratejik;
- Minisipalite a te idantifye pwojè transfòmatè ki pare pou aplikasyon akoutèm avèk yon enjeksyon fon NY Forward yo; epi
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere planifikasyon ak egzekisyon pwojè yo, ki gen ladan kapasite pou sipèvize kontra pou pwojè minisipal ki jwenn sibvansyon yo.

Kounye a, Sleepy Hollow ak Cornwall ap kòmanse pwoesis elaborasyon yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba laval yo. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik la pral egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè ki aliyen ak vizyon kominate a epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Y ap akòde finansman pou pwojè yo chwazi ki soti nan Plan Envestisman Estratejik la genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi kreye nouvo opòtinite pou kwasans alontèm.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418